# THE FREEDOM POST

A Monthly Publication of Freedom shores
Elementary School
3400 Hypoluxo Road, FL 33436 (561) 804-3100

Freedom Shores Elementary

Soaring Eagles

OCTOBER 2023

# A note from Mr. Sabatino,



Chè Paran / Gadyan:

Byen ane lekòl la kòmanse avèk anpil kontantman. Nou konplete Klasman tout elèv yo nan kay yo. Nou konplete tou premye tou de: Evalyasyon Eta a, The FAST. Nou kapab itilize rezilta pi byen pou yn pi bon sib nan enstriksyon nou pou timoun ou yo pandan ane a.

Seremoni klasman an te reyalize premyèman pou elèv 4èm ane yo. Epi 2èm ak 3èm ane yo te sòti. Nou te konplete seremoni yo ak: Timoun ki nan 1è ane ak timoun ki nan Kindergarten yo. Pre-K elèv te nan kay profesè yo. Seremoni sa yo te majik. Elèv yo te kreye reyaksyon chimik. ki te pwodwi yon kim ki gen koulè ki endike kay la yo ta fè pati, chak Elèv la tou desann glisad la pou l vin "sètifye glisad". Pwen yo te bay Elèv yo pou plizyè aksyon pozitif yo demontre atravè lekòl la. Ou kapab Wè pwen ki pi resan pou chak kay sou ekran televizyon an prensipal la. Nap toujou di mèsi ak Mesye Ovcen pou travay di li akonpli.

Klas nou yo te pran evalyasyon FAST la ak rezilta a ap ede kondwi a pwogrè nan nivo klas. nan lannwit kourikouloum nou an diferan konsèp te kouvri. Pandan ane a nap montrel ak paran yo. Epi eksplikasyon te bay sou ale nan klas yo. Sa a li empòtan pou tout paran yo pou yo konnen sa, yo kapab kontinye asiste pitit lè yo lakay. Silvouplè ede nou poun develope timoun ou yo nan pi wo nivo lew gen pitit ou nan lekòl la a lè chak jou, epi ak inifòm pou jou yo ka pase san pwoblèm. Jou lekòl la kòmanse a 8:00 AM. alò gen pitit ou a ou pitit ou yo nan lekòl la bonè nou kapab ede yo gen yon jounen ak siksè. Epi lè wap depoze pitit ou a nan liy nan ak machin rale monte osi lwen ke posib, epi pèmèt yo prè pou sòti nan machin nan avèk valiz yo nan bò ki fèt pou pasaje yo desann. Sa kapab ede liy nan ale pi vit, epi lap pèmèt chak timoun rantre an sekirite e alè. Depoze timoun dwe fèt devan lekòl la. Tanpri pa pake kote ki fèt pou bis yo ak nan pwopryte vwazen yo.

Nou te genyen yon premye nwit amizan mwa pase a ak Senk mesye anbourger ak pòm detè fri (Five Guys Burgers and Fries). Sa te fèt avèk siksè epi li bay anpil jwa ak moun ki te patisipe yo. Tanpri, fè efò pou gade enfòmasyon konsènan lòt nwit amizan fanmiy an. Fon sa yo ap ede ogmante lajan pou pwojè lekòl la epi pèmèt ke Eagle faniy nou an ale deyò lekòl la.

Mèsi anpil pou tout sa ou akonpli!

# A note from Ms. Rogers,



**Parents with students in grades 3-5:**

**Elèv yo fenk fini premye Egzamen siveyans pwogrè yo (PM) nan ELA ak Matematik. Chak Egzamen siveyans pwogrè kouvri tout "plan tès la" "Test Blueprint" sa vle di ke tout atant kontni pou matyè sa a ak nivo klas yo evalye. Kidonk, pou PM1, ak PM2, elèv ou a ka poko nan nivo klas la, sepandan, sa pa nesesèman endike ke yon elèv pa sou wout poul reyisi. Li enpotan pou pwofesè yo ak fanmi yo konprann ke emfomasyon sou nòt yo gen entansyon bay resilta debaz ak nan mitan ane a pou PM1 ak Pm2 respektivman. Rezilta sa yo se pou rezon enfomasyon selman epi yo ta dwe itilize pou identifye zòn ki ka bezwen plis enstripsyon ak sipò. Rezulta sa yo pa dwe konsidere kòm deziyasyon siksè elèv yo. Si w gen nenpòt kesyon konsènan nòt pitit ou a, kontakte Pwofesè yo.**

# After School Program

***Enskripsyon an ap kontinye........ Frè enskripsyon an se $25 dola pou chak timoun.***
***2023-2024 Afterschool, Enskripsyon an kounye a li disponib Online.***
***https:palmbeachcountryschools.reg.eleyo.com/pick 2023-2024 ane lekòl la epi pa bliye pou chwazi Freedom Shores Elementary.***

**Rapèl: Oktòb premye tranch lan dwe peye 2 Oktòb.**

**Oktòb, 2èm tranch lan dwe peye 16 Oktòb.**

**Novanm: premye tranch lan dwe peye 01 Novanm.**



## *Yon ti imè*

Poukisa sòsyè fache pa monte bale yo?

Yo pè vole nan manch lan.

Kisa vye zo eskèlèt yo di anvan yo kòmanse manje?

Bon apeti

Kisa sòsyè mete nan cheve yo?

Fè pè espre.

Kisa ou jwenn lèw travèse Bambi ak yon fantom?

Banbou

**Nou ofwi 2 Pwogram:**
**Tan plen: (2 pm-6 pm) ak Tan pasyèl: (2 pm - 4 pm). Nou aksepte bonè sètifika koalisyon aprantisaj!**
**Souple, ou ka rele Madam Cheri Rosen nan nimewo sa a 561-804-3130 oubyen nan email sa a siw gen nenpòt kesyon cheri.rosen@palmbeachschools.org.**



# Counselor's Corner

Mrs. Heitz
diana.heitz@palmbeachschools.org

Mrs. Briceno
vanessa.serrano-briceno@palmbeachschools.org

**Hello Parents and Guardians!**

**Freedom Shores gen yon fantastik opòtinite epi li òganize atelye Bon Sans Paran gratis  nan "Boystown" ki pa gen anyen pou peye. Yon depliyan te ale lakay ou ak pitit ou a, tanpri ranpli li epi retounen l lekol la pi vit posib siw enterese. Plas yo limite pou Pwogram sa a ki ap dire (6) sis semèn, chak Mèkredi apati 11 Oktòb ant 5:30 - 7:30 pm nan Media Center nou an. Chak patisipan yo ap resevwa yon liv atelya a ak yon kaye gratis. Silvouplè rele Mrs. Briceño siw ta gen nenpòt kesyon nan 561-804-3103 oubyen nan email sa a vanessa.serrano-briceno@palmbeachschools.org**



Alo paran Freedom Shores yo! Mwa Oktòb la se **Mwa Nasyonal Prevansyon Entimidasyon!** Konpòtman entimidasyon yo gen ladanl agresyon, Cybè-entimidasyon, diskriminasyon, arasman, epi vyolans. Konpòtman sa yo kapab konsidere kòm abi kamarad, epi kontribye nan defi ki kab detwi abilite elèv la poul aprann, epi afebli efò nou yo nan distri a pou n kenbe yon klima ki an sekirite ak pozitif.

Mrs. Heitz and Mrs. Briceno ap gen pou anseye entimidasyon pandan "Child's Fine Arts" nan gidans. Anba a se yon lis aktivite nou planifye pou Mwa Nasyonal Prevansyon Entimidasyon:

- **2 Oktòb la- Mete Koulè Ble pou Jounen Mondyal Prevansyon Entimidasyon #BlueUp.**
  2-6 Oktòb - Fè zanmi ak yon moun ou pa knen pandan semèn lekòl la.
- 9-13 Oktòb -Leve kanpe pou lot semèn
- **18 Oktòb- Jou Ini - Mete epi pataje oranj.**
- 16-20 Oktòb pakite oken moun manje pou kont li nan semen nan.
- 23-27 Oktòb - rankont avek elèv yo epi diskite sou "Kijan nou ka amelyore kilti nan lekòl nou an"?

## Semèn Riban Wouj 23èm-27èm

Lendi - "Lapè nan Zafè Drugs!" Mete Tie Dye.

Madi- "Ekip lib nan Drug" Mete jèze favori ekip ou a.

Mèkredi- "Nou ini sou zafè Drug!" Mete sou ou koulè Wouj

Jedi- "Pa kite Drug vòlè rèv ou" Mete sou ou Pajama.

Vandredi- "Lekòl nou an chwazi poul lib nan zafè Drug" Mete Mayo lekòl la oubyen koulè lekòl la.

Leve kanpe avèk lekòl la epi patisipe nan yon semèn akTèm jounen an poun kenbe Freedom Shores lib nan zafè Drug!

BE Kind TO YOUR mind. Live Drug Free.™

Mwa Oktòb se mwa konsyantizasyon andikap aprantisaj ak disleksi. Resous yo nan lyen sa a: https://fndusa.org/ or https://www.understood.org/en:



## The Parent As Liaison (Pal)

Paran kòm lyezon (Pal) se Ms. Mary Black, ou kapab jwenn li nan: mary.black.c@palmbeachschools.org pou asistans lèw ap navige pandan ESE pwosesis la. Pou plis enfòmasyon sou Pal yo epi Invèsite paran yo, ou ka jwenn li la a: https://www.fdlrsalpha.org/parent-services.



## Child Find

"Child Find" ap ofwi enfòmasyon ak tès depistaj pou timoun 3-5 an ki gen difikilte pou yo aprann, pale, jwe, wè, mache, oubyen tande. Pou kòmnse pwosesis la, silvouplè rele ekip "Child Find" lan nan nimewo telefòn sa a (561) 434-7337.



Siw gen bagay ou ta renmen konnen, oubyen nouvo bagay ou ta renmen pataje avek ekip ESE a, silvouplè kontakte Dr. Vereen, ESE Coordinator nan telefòn sa a 561-804-3110 oubyen nan email sa a: sharrie.vereen-thomas@palmbeachschools.org.

**Freedom Shores Elementary**

# PTO & VOLUNTEER



PTO te òganize premye dans nou depi mas 2019 (yon ti kras plis pase 4 ane de sa). Harvest Dans la pral 26 Oktòb (detay yo ap vini).
Nou telman kontan pote dns yo tounen men nou paka fè li san ou!!
Li pran yon vilaj. Tanpri gade lis volontè nou an anba epi tout donasyon yo ap apresye anpil.

**https://www.amazon.com/registries/gl/guest-view/2BU769KLJ4D9Q**



Kèk enfòmasyon konsènan Volontè:

Li rekòmande poun genyen 10 è tan volontarya anvan pou kapab chaperon ak ede nan yon jou pwomenad. Epi, ou pa kapab volontè nan pwòp klas pitit ou.



## UPCOMING EVENTS

OCT 18TH – SAC MEETING at 7AM
OCT 18TH – PTO MEETING right after

**FOR MORE PTO INFORMATION:**
freedomshorespto@gmail.com

**FOR MORE VOLUNTEER INFORMATION:**
freedomshoresvolunteers@gmail.com


BACK TO
school
SCAN FOR HELPFUL PARENT LINKS
S.O.A.R
Will be updated as information comes out

# Dual Language & Esol



**Notifikasyon Doub Lang ak ESOL**

**15 Septanm pou rive 15 Oktòb se mwa eritaj Latino yo. Mande pitit ou a ki sa li te aprann nan sa ki gen awè ak Eritaj moun Latino yo pandan mwa sa a.**

**Èske pitit ou a pa diw yo pa gen okenn liv pou li nan lang espanyòl lakay yo?**

**Nou gen yon solisyon! "Pwogram pou li espanyòl ki rele "Istation Español" li asesib pou fanmiw lakay li. Grant pwogram sa a, elèv nou yo gen aksè ak anpil Mil (1000) liv epi jwèt entèaktif nan lang espanyòl. Plis praktik pou li nan lang espanyòl kapab fèt lakay chak jou pou kontinye ranfòse konpetans jèn elèv kap aprann.**

**Si elèv nou yo ranpli kondisyon "Istation" chak semèn, ap gen plis tèks kab disponib Online ki pat janm genyenl anvan! Silvouplè, mande Pwofesè espanyòl la pou sous ki apwopriye pou nivo klas yo.**

**Yo te voye avètisman sou plasman nan pwogram lang Anglè oubyen lèt pou kontinye a pral jwen elèv yo nan sa ki gen awè ak plasman inisyal oubyen kontinyasyonnan pwogram ESOL la pou ane a. Paran, silvouplè siyen lèt sa a epi retounenl bay pwofesè pitit ou a oubyen Ms. Coffman.**



# ROBOTICS CLUB

Atansyon elèv 3èm ane yo: Èskew enterese pou konstwi ak pwograme Lego Robo yo?

Tanpri jwenn ak nou Jedi aprè midi nan 2:30-3:30.

Nan 3 semèn nan Club la nap kapab:

- konstwi ak pwograme Robo yo.
- Pratike ladrès jeni ak panse kritik.
- Develope ladrès pou rezoud pwoblèm ak panse kreyatif.
- Jwenn amuzman

Espas limite men nou pral gen de sesyon. Ou ka sèlman rantre nan yon sesyon pou nou ka akomode plis elèv.

Sesyon 1 (ap kòmanse 28 Septanm pou 2 Novanm.
Sesyon 1 (ap kòmanse 9 Novanm pou 21 desanm.

Merci!
Mrs. Dery ak Mrs. Puente

## Kindergarten:

Oktòb la deja la e jèn "SOARing Eagles" yo te enstale nan klas yo prè pou yo aprann. Mwa sa nan lekti, timoun nan kinder yo te aprann koman yo ka kontwole lekti yo nan mande ak reponn kesyon nan sa ki gen awè ak li nan klas. Pandan lekti yo aprann koman pou yo chèche epi sevi ak enfomasyon ki soti nan ilistrasyon yo pou tchke ak pwop tet ou korije panse yo sou ekti. Nan Matematik, elev nou yo pral konpran epi aplike rekonssans ak konte nimewo. Tanpri ede pitit ou a pratike login elev yo lakay li. Li enpotan anpil pou yo konnen ki jan yo konekte nan potal yo atrave paj web distri a. Si ou pa konnen non itilizatè ak modpas pitit ou a, tanpri kontakte pwofesè yo. Epitou tanpri asire w ke pitit ou a fini devwa li ki genyen lakay li pou omwens dis minit. Si pitit ou a pa kabab ekri kòrèteman Non li, silvouplè, fè pratik ak yo lakay.

## First Grade:

Jwaye mwa Oktòb Fanmi Premye Ane yo! Timoun nou yo ap aprann, epi grandi chak jou. Nou telman fyè de yo. Silvouplè gade nan dosye kominikasyon yo chak jou, pou jwenn dosye konpòtman chak jou, ak devwa lakay yo. Nan lèkti. nap nan Unit-2. Anpil kalite karaktè. Lakay, li pou 15 minit chak swa. Poze epi reponn kesyon sou yon tèks pou ogmante konpreyansyon pitit ou a. Nan Matematik, nap apran kijan pou nou itilize diferan estrateji pou rezoud ekwasyon adisyon yo. Lakay ou ankouraje pitit ou a konte sou (+) objè pou ogmante kouraj. Nan syans li liv sou bet/plant yo epi pale sou rayalite yo te apran yo. Nan syans sosyal, nap selebre Eritaj Panyol yo. Pran yon ti tan pou rekonet kontribisyon ak enfliyans American panyòl yo te fè nan istwa, kilti, ak reyalizasyon pou peyi Etazini. Mèsi paske w toujou ap sipòte nou!

## Second Grade:

**Jwaye mwa Oktòb, 2èm ane!!! Nou pa ka kwè sa nou rive nan sezon otòn nan! Mwa sa a nou gen kèk evènman kap vini trè enteresan tankou parad karaktè liv istwa a ak semèn riban wouj. Mwa sa a nou ap antre nan dezèm inite nou an nan referans kote nap konsantre nou sou karatè yo fè fas a defi. Nan mathematik, nou pral sou kijan pou ajoute chif de chif yo lèl sèvi avek diferan estrateji tankou trase dizèn nou yo ak yon sèl, lel sèvi avèk yon liy nimerik, osi byen ke konpansasyon. Nou te travay plis di pou touche pwen pou kay nou ye! Sonje chak lendi elèv yo ka mte pantalon inifòm ak yon chemiz koule kay oswa akseswa. Ann gen fyete nan kay nou! Tanpri sonje tcheke dosye kominikasyon ble chak swa pou enfòmasyon enpòtan ak evènman kap vini yo.**

## Third Grade:

**Nou te travay trè di pandan mwa pase a! Pandan nap fini mwa Septanm nan, nou pral fini premye inite nou an nan referans (Bemchmark) sou adopsyon bèt yo. Nan Matematik, Elèv ou yo te travay sou faktè miltiplikasyon. Silvouplè kontinye tchyeke dosye pitit ou a ak ajanda chak swa pou devwa, nòt ak fòm empòtan. Anfen, tanpri gade enfòmasyon mwa sa a konsènan (storybook) parad liv istwa nou an.**

## Fourth Grade:

**Bòn Oktòb paran / Gadyen fantastik katriyèm ane! Mwa sa a nou gen anpil bagay pou nou tann! Oktòb se mwa Natyonal Direktè yo, Lendi 2èm lan mete rad ble pou sipòte prevansyon entimidasyon, Mèkredi 4èm lan se Walk and Roll nan lekòl la, Mèkredi 18 la mete zoranj pou kont entimidasyon ak sware alfabetizasyon tou a 6 pm, Kona Ice ap nan rekreyasyon Jedi 19 la. Semèn 23 la se semèn riban wouj (rete branche pou yon flyer sou sa nou pral mete pou montre sipò), epi denye men pa pi piti rantre nan nou pou parad nan liv istwa, Madi 31 a 9:15 am. Mèsi pou sipò kontinyel ou ak pwofesè yo ak pitit ou yo lè w tcheke dosye devwa yo chak swa epi rantre nan konferans nou yo! Nou apresye ou!**

## Fifth Grade:

**Thank you to all the parents who were able to make it to Our House Sorting Ceremony. The students had a great time finding out what House they would get and sliding down the slide. We have completed our first Progress Monitoring tests for ELA and Math. The students have also taken the first iReady Diagnostic in Reading and Math for the school year. Your child should be sharing their agenda with you nightly as this is a great way to keep open communication between home and school. Hope to see everyone at our Open House night on Wednesday, September 6th.**

# OCTOBER 2023

| Dimanch | Lindi | Madi | Mèkredi | Jedi | Vandredi | Samedi |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 1 Mwa nasyonal Apresyasyon Direktè yo | 2 Jounen apresyasyon gadyen. Mete ble pou jounen mondyal prevansyon entimidasyon | 3 | 4 Walk & Roll nan Jou lekòl la | 5 | 6 Katalò pou ranmase lajan kòmanse. | 7 |
| 8 | 9 | 10 Jou sante mantal nan Mond lan. | 11 Boystown Pwogram Bon Sans Paran 5:30pm | 12 | 13 | 14 |
| 15 | 16 Jounen nasyonal Boss. | 17 | 18 Jou Inite - Anti-Entimidasyon Mete Orange Boystown bon sans | 19 Kona Ice pandan rekreyasyon<br>Paran 6:00pm Nwit Alfabetizasyon – 6:30pm | 20 KG Manje maten<br>Fen katalòg pou ranmase lajan! | 21 |
| 22 **Semèn Riban Wouj** | 23 Lib nan zafè Drugs- Mete Tie Dye | 24 Ekip san Drug - Mete Jersey | 25 Ini kont Drug- Mete Wouj<br>**Jou pou Foto- Mete Inifòm**<br>Boystown Pwogran Bon Sans Paran 5:30pm | 26 Pa kite Drug vòlè rèv ou - Mete PJs<br>Harvest Dans 5:30-8pm | 27 Lekòl nou an chwazi poul lib nan zafè Drug - Mete Koulè lekòl la | 28 |
| 29 | 30 | 31 Parad Istwa sou liv.<br>*Byenvini Paran*<br>K-2 8:30am<br>3-5 9:15am | 1 | 2 | 3 | 4 |

# School Info

Mesye Sabatino ranmase beye yo ak papa patnè biznis nou yo Johnsons Memorial Chapel ak Dunkin Donuts.



**ADVERTISE IN OUR NEWSLETTER!** If you have a business and would like to advertise in our newsletter or have a banner on campus, Call or Email Audra at (561) 804-3114 audra.spurlin@palmbeachschools.org

A HUGE THANK YOU

TO:




WHO ADOPTED MS. HOWARD'S AND MS. ALLEGRO'S CLASSES!!!!!

A HUGE THANK YOU

TO:




WHO ADOPTED MS. BERGERON'S CLASS!!!!!

Thank you for being a GREAT




Business Partner!!!!!

Thank you for being a GREAT




Business Partner!!!!!

Thank you for being a GREAT




Business Partner!!!!!